**Темэр:** ЩIыпIэ, зэман псалъэуха гуэдзэхэр.

**Мурадыр:** 1. Псалъэуха зэхэлъ-зэгъусэмрэ зэхэлъ-зэпхамрэ теухуауэ яIэ гурыIуэгъуэр къэпщытэн.

2. ЕджакIуэхэр егъэсэн:

А) щIыпIэ, зэман псалъэуха гуэдзэхэр нэгъуэщI псалъэуха гуэдзэхэм къыхагъэщхьэхукIыфу.

Б) псалъэуха пажэмрэ гуэдзэмрэ зэрызэпха щIыкIэр къагурыгъэIуэн;

В) нагъыщэхэм я гъэувыкIэр къагурыгъэIуэн;

Г) деепричастнэ оборот зыхэт псалъэуха къызэрыкIуэхэмрэ обстоятельствэ псалъэуха гуэдзэ зыхэт псалъэуха зэхэлъ-зэпхахэмрэ зэхагъэкIыфу егъэсэн.

Д) обстоятельствэ псалъэуха зэхэлъ-зэпхам бзэм мыхьэнэуэ щиIэм гу лъегъэтэн.

3. ЩIэныгъэми цIыхугъэми я хэкIыпIэу тхылъыр зэрыщытыр нэхъ куууэ зэхегъэщIэн.

Урокыр зэрекIуэкIынур

ЕгъэджакIуэм и псалъэ:

А) урокым и темэмрэ мурадымрэ еджакIуэхэм яжеIэн.

Б) урокыр къызэгъэпэщын.

## I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын `

I. Доскам ит текстым кIэлъыгъэплъын

1. Тхылъыр кууэ хыхьащ цIыхубэ гъащIэм.

2. ЦIыху пэрытхэм, абыхэм я IуэхущIафэ дахэхэм, лIыхъужьыгъэм, гуащIэдэкI хьэлэлым къихь насыпым, хэкумрэ лъэпкъымрэ хуэпэж цIыхухэм яхузэфэкIхэм теухуа тхылъхэр щIаджыкIкIэрэ ди щIэблэр адэ-анэм, лъэпкъым, къэралым хуэпэжу, Iущу, щэныфIэу, фIыгъуэм, мамырыгъэм щIэбэну, гуащIэдэкI лэжьыгъэм хуэIэрыхуэу къохъур.

3. Урыс тхакIуэшхуэ-критик Белинский Виссарион жиIэгъащ: «Тхыльыр ди зэманым и гъащIэщ».

4. Абы хуей мэхъу жьыри щIэри, Iуэхуншэри Iуэхушхуэ зи куэдри.

5. «Литературэр, жиIащ абы, - цIыхубэм и зэхэщIыкIщ, абы и духовнэ къулеягъым и лъабжьэщ».

6. Хэт литературэ емыджэми, еджэхэм я мыкIуэгъу-жэгъуми, зэманыр зэригъэкIуэн къыхуэмыгъуэту, хьэулейуэ, къуейщIейуэ ар уэрамым дэтщ.

7. Балигъ хъуа нэужь, апхуэдэ хьэрэм-хьэлэлми, мылъку иугъуейуэ, а зэхуихьэсыфахэм иригуфIэу, иригушхуэу мэпсэу.

8. Хэт литературэр фIыуэ илъагъуми, тхылъ зэмылIэужьыгъуэ куэд еджэми, абы и зэманыр пщIэншэу, кунэфу игъакIуэркъым, абы игури и псэри духовнэу къулей мэхъу, зэман кIыхькIэ ирагъэджам, ягъэсам хуэдэу, Iущ мэхъу.

9. Апхуэдэхэр хэхауэ зыхуемыджа IэщIагъэхэм псынщIэу хозагъэ; зи ужь ихьэ Iуэхур гупсэхуу ягъэзащIэ, икIи къэралымрэ цIыхубэмрэ абыхэм я деж хьэкъ къызэрытрамыгъэхьэным и ужь итщ.

I0. Тхылъ куэд еджэм ери фIыри нэхъ псынщIэу зыхещIыкI, цIыхухэм нэхъ тыншу ягуроIуэ, ядолажьэ, ядопсэу.

11. Апхуэдэхэр адэ-анэкIи, щхьэгъусэкIи, бынкIи, ныбжьэгъукIи нэхъ

хьэлэл мэхъу.

I2. Хэт тхылъыр фIыуэ илъагъуми, щIэныгъэфI, бгъэдэлъми, ар гулъытэншэ цIыхубэм ищIыркъым.

I3. Тхылъыр зи Iэпэгъум, дэнэкIэ зигъазами, абы и гъащIэр убзыхуащ,

нэхущ, дахэщ.

2. Текстым къеджэн, упщIэхэр гъэувын.

Егъэдж: - Сыт хуэдэ гупсысэ нэхъыщхьэ къыщыIэтар мы текстым?

Едж: - Уи акъылри, гупсысэри фIым, щIэм хуэгъэсауэ щытын папщIэ, тхылъыр уи Iэпэгъуу щытын хуейщ. Ар щIэныгъэми, цIыхугъэми я хэкIы-

пIэ нэсщ.

Егъэдж: - Мы тхыгъэр псалъэуха зырызу щыт, хьэмэрэ гупсысэкIэ зэпха Iыхьэу щыт? Щытмэ, сыт хуэдэ псалъащхьэ хуэфщIынт?

Едж: - Мы тхыгъэр зы текст ирокъу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ гупсысэ зэпыщIа кьеIуатэри, Iыхьэ-Iыхьэу зэпыбуд мэхъу. Плану мыр хуэбгъэув

хъунущ:

1. Тхылъыр цIыхум и гъащIэм.

2. ЩIэныгъэм и къежьапIэ.

3. ЩIэныгъэр щIыхьым, насыпым и хэкIыпIэщ.

Псалъащхьэуи фIэпщ хъунущ «ЩIэныгъэми цIыхугъэми я хэкIыпIэ». Егъэдж: - Мы текстыр сыт хуэдэ стилкIэ тха?

Едж: -Публицистическэ стилкIэ тхащ.

Егъэдж: - Сытым укъыхуриджэрэ мы тхыгъэм?

Едж: - ЦIыхум щIэныгъэ кууу бгъэдэлъын хуейщ. Абы щхьэкIэ еджэн хуейщ. Тхылъыр уи Iэпэгъумэ, цIыху нэс, Iущ, цIыху пэж уохъу. Абы пщIэ къыпхуехь, къару къыпхелъхьэ.

Егъэдж: - Мы текстым къыщцыIэта Iуэхугъуэр, гупсысэр иджыри сыт хуэдэ тхыгъэхэм дыщрихьэлIа?

Едж: - «Тхылъыр фIыуэ флъагъу-ар щIэныгъэм и къежьапIэщ (Горький М.)

«Згъуэтынкъым гъищэ сылъыхъуам

Тхылъ хуэдэу сэ ныбжьэгъу» (КIуащ Б.)

«ТхылъыфI нэхъ лъапIэ теткъым мы дунейм,

Тхылъ зытххэр тхьэпэлъытэкъэ телъыджэу.

Дахагъэм пэжыр хуагъэуш телъыджэу» (Бицу А.)

Егъэдж: - Тэмэму къывгурыIуауэ къызолъытэри къэтпщытэнщ фэри фи щIэныгъэр здынэсыр, фи щIэныгъэм и къежьапIэр къыват дерсхэращи.

Егъэдж: - Унэ лэжьыгъэу дэ диIар дополненэ гуэдзэмрэ подлежащэ гуэдзэмрэщ. Хэт къигъуэтыфын мы текстым апхуэдэ псалъэухахэр. Къэвгъуэти синтаксисрэ морфологиекIэ зэпкърыфх.

Едж: - Еханэ, еянэ псалъэухахэр псалъэуха гуэдзэщ. I2 псалъэухар

дополненэ гуэдзэщ.

Хэт литературэ емыджэми, еджэхэм я мыкIуэгъу-жэгъуми. Зэманыр зэригъэкIуэн къыхуэмыгъуэту, хьэулейуэ, къуейщIейуэ ар уэрамым дэтщ. Едж: - Псалъэуха пажэм и сказуемэм подлежащэ, дополненэ хуэхъу псалъэухахэу щытщ. Хэт? Сыт? упщIэхэм жэуап хуохъу.

Егъэдж: - Япэ сатырэм тесхэм ебгъуанэ, епщыкIутIанэ псалъэуха зэхэлъ-зэпхам и пIэкIэ къэкIуа причастнэ оборотыр? СыткIэ зэщхьэщыкIрэ а тIур? Едж: - 10-нэ псалъэухар причастнэ обороту къэкIуащ. Абы хэтыр причастиещ (еджэм), псалъэуха зэхэлъ-зэпхам хэтыр сказуемэщ (еджэми).

Егъэдж: - ЕтIуанэ сатырэм тесхэм 7.9-нэ псалъэухахэм къыхэфтхыкI псалъэуха зэхэлъ-зэгъусэр икIи къэвгъэлъагъуэ псалъэуха зэхэлъ-зэпхам къызэрыщхьэщыкIыр.

Еджː - 9-нэ псалъэухар псалъэуха зэхэлъ-зэгъусэщ. Ар сочинительнэ (зэкIэлъызыхь) союз икIи-кIэ зэпхащ, щхьэж и грамматическэ лъабжьэ

иIэжу.

Егъэджː - 3,6-нэ псалъэухахэм нагъыщэ гъэувын, щIагъэувыр къыжаIэурэ.
Еджː - Мы псалъэухахэр псалъэ занщIэрэ авторым и псалъэу зэхэтщ.
Нагъыщэхэр мыпхуэдэу догъэув:

Егъэджː - Доскам ит схемэм ипкъ иткIэ, 2-нэ псалъэухам къыхэвгъуати зэпкърыфх псалъэр

Еджː «яхузэфIэкIхэм» - фонетическэкIэ зэпкърыхын

Егъэджː - Псалъэуха 7-нэм синоним зэхуэхъу псалъэхэр къэвгъуэт.

Еджː - Иугъуейуэ - зэхуихьэсауэ.

ТемэщIэр етын.

Доскам ит упщIэхэмкIэ псалъэуха зэхегъэлъхьауэ гу лъегъэтэн, къегъэпщытэжын обстоятельствэхэр гуп-гупу зэригуэшыр. УпщIэхэрː - Дапщэщ? Хэт? Дэнэ? Дауэ? Сыт щхьэкIэ? Сыт ищIэр?

Еджː - Дыгъуасэ дэ мэзым зэрыклассу зытплъыхьыну дыкIуащ.

Егъэджː - 7, I3-нэ псалъэухахэр сыткIэ техуэрэ ипэкIэ къэтхьа щапхъэхэм? СыткIэ зэщхьэщыкIрэ?

Еджː - Мы псалъэухахэр тIууэ зэхэтщː пажэрэ гуэдзэу. «Балигъ хъуа нэужь» - гуэдзэщ. Дапщэщ? упщIэм жэуап хуохъу, псалъэуха пажэм и сказуемэм къыщыхъу Iуэхугъуэм и зэманыр къегъэлъагъуэ, нэужь союз псалъэмкIэ епхащ. I3-нэ псалъэухам щIыпIэ къегъэлъагъуэ, дэнэкIи? упщIэм жэуап-хуохъу.

Егъэджː - Зэпкърытха щапхъэхэм ипкъ иткIэ, хэт къызжиIэн щIып Iэ, зэман

обстоятельства гуэдзэкIэ зэджэр?

Еджː - Определенэр жеIэр.

**ТемэщIэр зэрыгъэубыдын.**

1. ТхылъымкIэ правилэхэм къегъэджэн.

2. Лэжьыгъэ I93 жьэрыIуатэу егъэщIын.

3. а) я пащхьэм къилъ карточкэхэм къыхэгъуэтэн икIи тетрадым итхэн обстоятельства гуэдзэхэр зыхэт псалъэухахэр

б) нагъыщэр пэжу здэгъэува бжыгъэхэр къэгъэлъэгъуэн

ЗэрыжаIащи, (I) узэджауэ (2) узыхущIегъуэж тхылъ щыIэкъым, (3) дэтхэнэми (4) зыгуэр къыхыбох

1. 1,2 2) 1,2,3, 3) 1,2,3,4, 4) 1,3,

Едж: - Пэжыр 1,3-ращ. Япэ запятойр вводнэ псалъэхэм я ужькIэ догъэув. Ещанэм деж псалъэуха зэхэлъ-зэгъусэм хэт псалъэуха къызэрыкIуэхэр иризэпэщIыдох.

В) Мы псалъэуха дыдэм хьэрфхэмрэ макъхэмрэ щызэтемыхуэ

псалъэхэр къыдогъэлъагъуэ

Едж: - узэджауэ, узыхущIегъуэж.

Урокыр къызэщIэкъуэжын.

1. Сыт нобэ урокым гъэщIэгъуэну къэтщIар?

2. СыткIэ къыщхьэщыкIрэ обстоятельственнэ псалъэуха гуэдзэр адрей псалъэухахэм?

3. Псалъэуха зэхэлъ-зэпхамрэ зэхэлъ-зэгъусэмрэ сыткIэ зэщхьэщыкIрэ? Дауэ зэхэдгъэкIыфыну?

Унэ лэжьыгъэр етын

Правилэхэр зэгъэщIэн.

Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэу дджа текстыр къэвгъэсэбэпурэ сочиненэ кIэщI фтхы. «ФIыуэ слъагъу тхылъыр»

Оценкэр гъэувын.

Урокыр зэхуэщIыжын.